

DONE TRANSZISYON DELAWARE

Yo ka konsidere tranzisyon an tankou yon pon ant pwogram lekòl yo ak opòtinite vi granmoun yo, tankou edikasyon siperyè oswa fòmasyon, travay, vi apa ak patisipasyon nan kominate.

Biwo Depatman Edikasyon Etazini pou Pwogram Edikasyon Espesyal yo (OSEP) te travay avèk Ajans Edikasyon Eta yo (tankou Depatman Edikasyon Delaware la) pou ankouraje ak soutni chanjman nan edikasyon an k ap amelyore rezulta timoun ki gen andikap yo dapre IDEA. Eta yo gen egzijans pou yo devlope yon Plan Pèfòmans nan nivo Eta k ap dekri kòman li pral amelyore rezulta timoun ki gen andikap yo sou yon pèryòd 4 lane epi pou bay rapò sou pwogrè a chak ané. Rezulta yo kouvri domèn tankou tankou kantite gradyasyon, kantite abandon, patisipasyon ak pèfòmans nan lekti ak matematik, ansanm avèk respè pou lwa sou edikasyon yo



Endikatè 1 - Kantite Gradyasyon

Pousantaj jèn ki gen Pwogram Edikasyon Endivididyèl yo (IEP yo) k ap kite lekòl segondè avèk yopn diplòm segondè òdinè.

Mezi ak Kalkil:

Jèn ak IEP yo (ki gen sòti nan 14 lane rive 21 lane) ki kite lekòl segondè ak yon Diplòm Òdinè

Tout jèn ak IEP yo (ki gen sòti nan 14 lane rive 21 lane) ki kite Lekòl Segondè ak yon Diplòm Òdinè, ki vyeyi, oswa ki abandone

Sous Done ak Rezulta yo:

Ane Fiskal Federal	2013	2014	2015	2016	2017	2018	2019
Kantite jèn ak IEP nan kowòt ajiste ane a k ap gradye ak yon diplòm òdinè:	919	839	695	682	766	941	1,086
Kantite jèn ak IEP nan kowòt ajiste ane a ki elijib pou gradye:	1,116	1,007	886	929	994	1,214	1,393
Pousantaj jèn ak IEP nan kowòt ajiste ane a k ap gradye ak yon diplòm òdinè:	82.3%	83.3%	78.4%	73.4%	77.1%	77.5%	78.0%
Objektif ane a:	63.7%	66.7%	71.4%	74.1%	77.8%	67.3%	68.5%

Nòt: Done pou endikatè sa se "lag" data. Dekri ansanm rezulta egzamen done ke Eta a fè pou ane a avan ane deklarasyon an (pa egzanp, pou FFY 2020 SPP/APR la, itilize done apati 2019-2020), epi konpare rezulta yo ak objektif la.